

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwaway this bad sickness comot for our country.

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

## COVID-19: One year don pass

Na February 28, 2021 mark one year since dem discover the first case of coronavirus for Naija. This pandemic don shake everybody directly and indirectly, for our lives and our country economy. But as e still be, e done create opportunity to better our health security and awareness for we country.

Na some of the milestone wey we done reach for our fight against COVID-19 this last year be this:

### 27 February, 2020:

We discover the first case of COVID-19 for Naija since the outbreak start. The case of Italian citizen wey dey work for Naija and e return from Milan, Italy come Lagos, Naija on 25th of February, 2020. Na Virology Laboratory of Lagos Teaching Hospital wey be part of the Laboratory Network of the Naija Centre for Disease control confirm the case.

### 23 March, 2020:

Dem announce the first COVID-19 death for Nigeria. Honourable minister for Health, Dr. Osagie Ehanire talk dis one for Press Briefing for Abuja say the case na 67-year old man wey return home after medical treatment for the United Kingdom. "Unfortunately, we record our first death from COVID-19 for di country. Na Nigerian wey bin get underlying medical sicknesses and die because of

complications on the 22nd of March for Abuja.” He talk.

### 29 March, 2020:

Na when them order the first lockdown for Naija. The lockdown na to help make the virus no spread, Naija government stop movement for Lagos state, Ogun state and the FCT for 14 days and e bin start 11pm on the 30th of march. People no fit travel from state to state again. Na Federal Ministry of health and NCDC advice for the matter.

### 8 April, 2020:

Na hin central bank of Nigeria launch COVID-19 relief fund come say make people donate.

### 13 April, 2020:

Them extend Stay-at-home order for Lagos, Ogun and the FCT for another 14 days so that e go reduce the risk of community transmission of coronavirus but by that time, people wey get coronavirus been done reach 323 for Naija.

### 27 April, 2020:

President Muhammadu Buhari announce for nationwide broadcast say dem wan ease the lockdown small small for FCT, Lagos and Ogun state as from 4th May. He come explain how the old lockdown affect the economic situation and food security and other things, say na why them decide say make them reduce the lockdown. Them make facemask very compulsory for the broadcast for national television.

### 1 May, 2020:

FDA approve the first anti-viral drug for COVID-19 treatment, Remdesivir, wey them fit use for emergency COVID-19 patients wey dey hospital, them talk say e fit stop the viral synthesis.

### 18 May, 2020:

Presidential Task Force on COVID-19 announce say dem dey continue the ease of lockdown and na President Muhammadu Buhari order am on 27th of April. The measure bin continue for two more weeks.

### 1 June, 2020:

Presidential Task Force on COVID-19 announce changes for the rules of the ease of the lockdown measures. Them talk say dem dey allow churches, mosques and hotels open.

### 15 June, 2020:

FDA revoke their emergency use authorization for chloroquine phosphate and hydroxychloroquine sulfate, wey dem been allow on 28 March. Na because of the serious heart problems and other serious side effects wey fit happen.

### 18 June, 2020:

NCDC bin update COVID-19 symptoms say e include “sudden loss of taste and smell with fever, headache or runny nose”.

**29 June, 2020:**

President Muhammadu Buhari approve the extension of phase II of the ease of lockdown from 30th of June go reach 27th of July, 2020. He follow approve make dem reopen schools for students wey dey for graduating class like Primary 6, JS3 and SS3 so that they go fit prepare for exam.

**27 July, 2020:**

Federal Ministry of Education bin direct secondary schools for Nigeria say make them reopen from 4th of August, 2020 for only classes wey dey graduate. Them give students 2 weeks make dem take prepare for the West African Examinations (WAEC) wey go start 17th August, 2020.

**6 August, 2020:**

Nigeria's Private Sector Coalition Against COVID-19 (CACOVID) announce di launching of 23 billion Naira food palliative wey dem wan distribute to cover 1.7 million households wey go be around 10 million people for all the 774 local governments for country, including the FCT make e help reduce the effect of coronavirus pandemic for Nigerians wey no get.

**27 August, 2020:**

PTF schedule the [resumption of international flights for the 5th of September, 2020](#)

**6 September, 2020:**

Federal Government of Nigeria talk say e spend "N30,540,563,571.09, representing 84% of the N36.3 billion public funds and the donations wey them receive for COVID-19 between 1st April, 2020 and 31st July, 2020, and the balance wey remain na N5.9 billion."

**19 October, 2020:**

PTF announce the launching of phase 3 of the lockdown, talk say make them reopen NYSC orientation camps, make civil servants resume work and make sporting leagues restart.

**22 October, 2020:**

Dem raid warehouse wey contain COVID-19 palliatives for Mazamaza community in Lagos, come make people dey loot warehouses for the whole country.

**25 January, 2021:**

PTF announce say dem don discover B117 COVID-19 variant for many patients for Nigeria. Dem first detect the first variant for UK for September.

**18 February, 2021:**

NAFDAC approve Oxford- Astrazeneca vaccine say we fit use am for Naija.

**2 March, 2021:**

Nigerian government talk say them don receive about 4 million doses of the Oxford-Astrazeneca vaccine wey COVAX bring.

## YEYE TORI



The vaccine contain live virus and e fit infect me

Them no test the vaccine long enough

Reactions wey person dey get from the vaccine shots dey deadly

I no need take the vaccine if other people wey dey around me don take the vaccine

COVID-19 vaccine no seem safe to me.

## VS



## TRUE TALK

The COVID-19 vaccines available wey dey clinical development no contain live viruses, that one mean say risk no dey to get COVID-19 from them.

Because say dem need develop new vaccines, developers start phase II and phase III trial of COVID-19 vaccine the same time. Them also start preparation for manufacturing as dem dey do the trials.

The side effect wey common well well from the vaccine na only the pain of the injection site, tiredness, headache, muscle or joint pain, chills and sometimes fever. This types of reactions dey normal with vaccines.

If we want make herd immunity work against COVID-19, plenty people need take the vaccine, because e no sure how long natural immunity go last.

COVID-19 vaccines don enjoy the most serious monitoring in history. FCA and the CDC dey seriously review the clinical data.

### CORONAVIRUS UPDATE AS E DEY NAIJA AT AS TODAY - 30/03/2021

**162,641**

CONFIRMED CASES

**2,049**

DEATHS

**150,466**

RECOVERED

**1,767,694**

TESTED